

## Kòd konduit ak Plan Sekirite onivo Distri

Depatman Edikasyon (DOE) Vil Nouyòk angaje pou asire anviwònman lekòl nou yo gen lòd, sekirite ak sennesof kote elèv yo ka satisfè nòm akademik elve, edikatè ka anseye pou reyalize objektif sa yo epi yo ka asire paran ke pitit yo ap aprann nan yon anviwònman san danje ak pozitif. Yon lekòl sennesof ak favorab depann sou efò tout manm kominate lekòl la pou trete yonn lòt ak respè.

Lwa eta a egzije pou DOE kreye yon Plan Sekirite onivo Distri ki konsidere jesyon pou ijans ak entèvansyon pou katastwòf, ak yon Kòd konduit ki kontwole elèv. Anplis, yo egzije pou chak lekòl kreye yon Plan Sekirite onivo Bilding lan ki fikse pwosedi sekirite pou biling, tankou kontwòl vizitè, evakyasyon elèv ak lòt pwosedi ijans ki espesifik pou yon lekòl.

Kòd konduit la ak Plan Sekirite onivo Distri a gen ladan opinyon ak rekòmandasyon Ekip Sekirite onivo Distri a (District-wide Safety Team), epi w ap jwenn moun ki ladan yo pi ba a.

Bagay sa yo souliye eleman kle ki nan Kòd konduit DOE a ak Plan Sekirite onivo Distri a. W ap jwenn lòt enfòmasyon nan Règleman Chanselye a ak nan lòt dokiman sou regleman ki nan fen dokiman sa a.

### 1 - Plan pou Sekirite Lekòl onivo Distri a:

Plan sa a gen ladan regleman ak pwosedi DOE pou kenbe yon anviwònman aprantisaj sennesof ki gen lòd. Plan sa a gen ladan regleman ak pwosedi DOE pou: bay repons nan zak vyolans ak lòt aktivite kriminèl; kontakte ak avèti paran; ak kontakte ak avèti otorite lapolis. Plan an konsidere tou: estrateji pou detekte konpòtman vyolan ki ka rive; estrateji pou entèvansyon ak prevansyon; estrateji pou amelyore komunikasyon pami elèv ak ant elèv ak estaf lekòl; wòl ak responsablite pèsonèl sekirite lekòl; trening pou pèsonèl sekirite lekòl; sekirite biling lekòl ak aparèy sekirite yo; pwotokòl pou repons nan ka ijans; trening sekirite pou estaf ak elèv, tankou trening sou pwotokòl pou repons nan ka ijans; ak antrènman ak lòt egzèsis pou teste pwotokòl sa yo ak lòt eleman ki nan Plan an.

DOE anplwaye yon ajan anchèf pou ijans (Chief Emergency Officer) ak yon adjwen pou sèvi lè ajan anchèf la absan. Ajan anchèf pou ijans lan responsab pou kowòdone: komunikasyon ant estaf la ak lapolis ak lòt sekouris (first responders); evalye ak revize chak ane Plan Sekirite onivo Distri ; fè plan sekirite lekòl yo, tankou, plan repons pou ijans, ki konfòm ak ak konsistan avèk Plan Sekirite onivo Distri a; nivo sekirite ak teknoloji biling lan; trening pou pwoteksyon, sekirite, ak ijans pou estaf ak elèv; ak egzèsis pou repons nan ka ijans.

Ajan anchèf pou ijans lan ansanm ak Ekip Sekirite onivo Distri a evalye Plan Sekirite onivo Distri a chak ane. Ajan anchèf pou ijans lan se Mark Rampersant. Lè li pa la, se Jay Findling k ap ranpli wòl la.

#### a) Ekip Sekirite onivo Distri a:

Ekip onivo Distri a gen ladan rezantant ki soti nan divès ajans ak divizyon DOE, tankou:

- Komite pou regleman nan edikasyon (PEP)
- Federasyon pwofesè ini (UFT)
- Konsèy sipèvizè ak administratè (CSA)

- Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (FACE)
- Jesyon ijans Vil Nouyòk (NYCEM)
- NYPD - Divizyon sekirite nan lekòl (SSD)
- FDNY
- Biwo afilyasyon Chanselye DOE pou sekirite ak prevansyon sekirite (OSPP)
- Biwo sekirite ak fòmasyon jèn (OSYD)
- Divizyon bilding lekòl (DSF)
- Planifikasyon ak repons biwo ijans DOE
- Biwo sante nan lekòl (OSH)
- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) Vil Nouyòk

b) **Pwotokòl jeneral pou repons (GRP)**

Bagay sa yo se pwotokòl pou repons nan ka ijans lekòl yo dwe suiv pou fèmen pòt (lockdowns), evakye ak rete kote w ye (shelter in place). Chak pwotokòl gen aksyon espesifik manm estaf ak elèv ki inik pou chak repons. Sa yo se mezi lekòl pran jiskaske sekouris yo rive. Pou tout twa pwotokòl yo, yo dwe rele 911. Si se pa direktè/reprezantan I ki fè apèl la, yo dwe fè I konnen imedyatman gen yon moun ki te rele, dapre CR A -412, ki tabli regleman ak pwozedi konsènan jan pou kontakte Depatman Lapolis Vil Nouyòk (New York City Police Department, NYPD) ak 911 (gade dokiman kle ki pi ba a).

NYCDOE ak Inite antiteyoris divizyon sekirite lekòl (NYPD School Safety Division Counterterrorism Unit) te kreye pwotokòl sa yo pou pèmèt lekòl yo reponn imedyatman ak sennesof divès tip ijans ki ka rive ni andedan lekòl ni nan kominote ki ozalantou a. GRP prepare lekòl yo pou sitiyasyon ijans tankou dife, etranje ki andedan lekòl la, moun k ap tire nan lekòl la pou moman an oswa sitiyasyon danjre andeyò bilding lekòl la. Pwotokòl sa yo dekri mezi imeda estaf lekòl ak elèv pral pran jiskaske sekouris yo rive.

Nan tout ijans, motivasyon sou sitiyasyon an enpòtan pou adilt ak elèv yo ka pran meyè desizyon an an pou rete sennesof ak pwoteje.

**Lockdown modere/sevè (Soft/Hard)**

Soft Lockdown vle di pa gen danje imeda yo idantifye pou ekip patwòl yo. Nan yon soft lockdown, ekip administratif, ekip repons bilding lan, ak ajan sekirite nan lekòl la (School Safety Agents, SSA) ap mobilize nan pòs kòmand yo pou tann plis enstriksyon.

Hard Lockdown vle di yo konnen ke gen yon danje imeda epi PÈSÒN pa pral fè okenn aktivite pou patwouye bilding lan. Sa gen ladan bay repons pou yon ensidan pou menas ki aktif.

Yo pral anonse bagay sa yo: "Atansyon: Kounye a nou nan Lockdown Soft/Hard. Pran mezi ki apwopriye." (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a).

Tout moun, ladan ajan sekirite lekòl (SSA) la pral pran mezi apwopriye pou lockdown epi tann sekouris yo rive.

**Elèv yo gen trening pou:**

- Kache epi rete an silans

**Pwofesè yo gen trening pou:**

- Tcheke koulwa andeyò salklas yo pou wè si gen elèv, klete pòt salklas yo, epi etenn limyè yo.
- Ale kote moun pa ka wè w epi rete an silans
- Tann pou sekouris yo ouvri pòt yo, oswa jiskaske w tandé yo bay mesaj "All Clear" la. "Yo leve Lockdown la" (The Lockdown has been lifted), avèk kèk eksplikasyon espesifik aprè.

- Fè apèl pou prezans ak konte elèv yo pa wè epi kontakte direksyon an.

Nan yon Hard Lockdown, gen plizyè ka kote lòt mezi nesesè pou diminye danje pou moun. Adilt ak elèv pral bezwen tou pou konsidere tout opsyon ki disponib pandan yon aksidan. Yo ka bezwen kouri kite biling lan pou rete sennesof epi rele 911 si yo yon kote ki pèmèt yo fè sa. Yo ka bezwen kache(rete nan lockdown) pou asire yo dèyè yon pòt ki fèmen epi rete ansilans, oswa si yo anfans yon danje ki menasan nan sal oswa nan biwo yo ye a, yo ka bezwen konfwonte agresè a.

### [Evakyasyon](#)

Sistèm alam dife a se premye alèt pou estaf ak elèv kòmanse yon evakyasyon. Men, kèk fwa kapab se sistèm PA a ak enstriksyon espesifik ki sèvi kòm premye alèt pou evakyasyon. Anons yo ap kòmanse avèk "Attention", apresa, y ap bay enstriksyon espesifik. (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a).

#### Elèv yo gen trening pou:

- Kite tout bagay epi fòme yon yon sèl liy. Si li fè frèt, yo dwe raple elèv pou pran manto yo lè y ap kite salklas yo. Elèv ki gen rad edikasyon fizik sou yo P AP retounen nan sal vestyè a. Y ap mete elèv ki pa gen rad apwopriye sou yo nan yon kote ki cho pi vit posib.

#### Pwofesè yo gen trening pou:

- Pran klasè evakyasyon an (ki gen fèy prezans lan ak kat asanble yo).
- Mennen elèv yo nan lokal evakyasyon yo idantifye nan afich egzèsis kont dife a *Fire Drill*. KONTINYE RETE ALEKOUT ENSTRIKSYON ANPLIS.
- Fè apèl epi konte elèv ki pa la.
- Rapòte blesi, pwoblèm, oswa elèv yo pa wè ba estaf lekòl yo avèk sekouris yo lè yo itilize kat rasanjelem (Assembly Cards) yo.

### [Shelter-In](#)

Yo pral anonse bagay sa yo: "Atansyon: Se yon Shelter-In. Asire ke tout pòt fèmen." (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a).

#### Elèv yo gen trening pou:

- Rete anndan biling lan.
- Kontinye travay kòm alòdinè.
- Suiv enstriksyon presi estaf la

#### Pwofesè yo gen trening pou:

- Fè moun gen plis enfòmasyon sou sa k ap pase a.
- Kontinye travay kòm alòdinè.

Enstriksyon Shelter-In lan ap rete ann vigè jiskaske ou tandem mesaj "All Clear": Shelter-In lan leve ("The Shelter-In has been lifted"), avèk kèk enstriksyon espesifik aprè.

Manm Building Response Team lan, sipèvizè etaj yo ak estaf Shelter-in lan pral asire tout sòti byen fèmen epi yo prale nan pòs kote yo mete yo. Yo dekri estaf sa yo ak responsabilite espesifik yo nan chak each Building Safety Plan.

### [Pa bouje \(Hold\)](#)

Yo fè Hold lè gen yon sitiyasyon anndan biling lekòl la, epi gen bezwen imedya pou rezoud yon pwoblèm ki egziste manm estaf, elèv, ak vizitè pou rete an plas epi kontinye travay kòm alòdinè jiskaske yo anonse "All Clear".

Yo ta ka kòmanse Hold la pou jere yon ensidan nan biling lan ki pa mete kominote lekòl la andanje, oswa nenpòt lè premye sekouris (First Responders) yo mande sa a

Hold pa ranplase yon Soft ni Hard lockdown.

Lè yo fin tandem anons Hold la:

*Estaf lekòl la dwe:*

- *Klete pòt la.*
- Hold (Rete) nan pozisyon oswa kote yo ye kounye a.
- Kontakte direksyon an pou rapòt elèv ki pa t nan klas la lè yo te anons Hold la.

*Elèv/manm estaf dwe:*

- Rete kote yo ye a jiskaske yo fè anons "All Clear".
- Inyore tout son klòch ki jeneralman anons kou a fini.
- Sonje pa gen itilizasyon lese-pase salklas epi tout moun dwe rete nan plas yo jiskaske yo leve Hold la.

c) [Repons pou menas ak zak kriminèl:](#)

Responsab lekòl yo dwe mete yo pre pou reponn menas oswa zak kriminèl, elèv, pèsonèl lekòl ak vizitè, depi nan agresyon fizik rive nan menas bonb. Pwosedi pou enfòme lapolis sou ensidan ki gen rapò ak lekòl, krim elèv oswa anplwaye lekòl komèt oswa ijans medikal ki nan Regleman Chanselye A-412 (gade dokiman kle ki pi ba a) ak lòt regleman tankou pwotokòl pou repons nan ka menas (Threat Response Protocols). Jan yo dekri I pi ba a, yo pral itilize Pwotokòl jeneral pou repons (GRP) pou reponn tout menas ak zak vyolans, ansam ak yon repons imeda yestaf distri ak ak Sekouris 911 bay. Lè yo rive, yo pral kowòdone tout efò pou repons onivo distri ak ijans avèk responsab lekòl yo ak SSA pou ofri sipò ki espesifik sou ensidan an.

Responsab lekòl yo dwe prepare tou pou reponn menas elèv reprezante pou pwòp tèt yo. Pwosedi pou tabli yon Crisis Team nan lekòl ak pou jere tantativ suisid, konpòtman ak lide suisid, yo nan CR A-755 ak nan regleman yo (gade dokiman kle ki pi ba yo).

Lè yon elev gen konpotman ki reprezante yon gwo ris chòk pou elèv la oswa pou lòt moun, responsab lekòl yo dwe fè tout efò pou diminye konpòtman an lè yo itilize estrateji ak entèvansyon pou rezoud pwoblèm konpòtman ak lè yo itilize resous ki nan lekòl la ak kominote a ke yo idantifye nan plan pou diminye katastwòf (Crisis De-escalation Plan) nan lekòl la. Anplis, yo dwe bay paran an opòtinite pou pale avèk elèv la si kondisyon sekirite yo pèmèt sa. Si yo pa ka rezoud sitiyasyon an ansekirite, direktè/reprezantan I dwe rele 911 jan yo di I nan CR A-411.

d) [Estaf sekirite nan lekòl:](#)

An septanm 1998, Depatman edikasyon (DOE), Chanselye a ak Vil Nouyòk te siyen yon akò pou aplike yon pwogram nan tèt ansanm ant DOE ak Depatman polis Vil Nouyòk ("NYPD"), kote zafè sekirite estaf lekòl la, tankou chwa, deplwaman, trening, evalyasyon ak jesyon estaf sekirite lekòl la ta pral responsabilite NYPD. Akò sa a te kontinye apresa epi yo te modifie l 19 jan 2019.

MOU revize a kontinye estrikti a pou bay sekirite nan lekòl DOE yo ak konsidere wòl administratè lekòl, SSA ak NYPD nan kenbe yon anviwònman lekòl ki sennesof ak an sekirite; li konsantre sou wòl prensipal lekòl la nan rezoud pwoblèm move konduit elèv; li defini sikostans pou lè estaf lekòl ta dwe kontakte SSA pou rezoud pwoblèm konduit elèv; li ofri trening pou ofisiye SSA ak NYPD, paegzanp nan diminye ris; li mete pwosedi pou lè ak fason NYPD ka kesyon elèv sou pwopriyete lekòl; li mete atant konsènan lè yo ka fè yon arrestasyon

oswa fè yon konvokasyon avèk mwens represyon ki nesesè; epi li prevwa distraksyon ak altènatif pou fè arestasyon oswa konvokasyon.

Yo mete MOU ki revize a nan dokiman kle ki pi ba a.

e) **Trening ak egzèsis:**

Yo egzije pou tout direktè yo fè trening obligatwa pou preparasyon nan ka ijans (Emergency Readiness), ki valid pou dezan. Yo fè trening pandan jiye ak out ak pandan ane lekòl la pou nouvo direktè ki kòmanse pozisyon yo apre 1ye septanm.

Tout estaf DOE dwe resevwa trening chak ane sou pwosedi pou ijans yo itilize nan biling lekòl ak nan biling administratif ajans, ansanm ak depistaj konpòtman vyolan byen bonè. Yo bay tout lekòl yon trening jounen ouvèvi chak ane (Annual Opening Day Training Deck) pou fasilité trening sa a avan 15 septanm ak lè sa nesesè pandan ane lekòl la pou nouvo anplwaye. Estaf DOE ki pa nan biling lekòl dwe fè yon modil trening sou entènèt avan 15 septanm oswa nan espas 30 jou apre yo fin anboche yo.

Tout elèv dwe resevwa trening sou pwotokòl pou bay repons nan ijans ak resous ki disponib nan lekòl nan kòmansman chak ane lekòl. Yo dwe fè lesion ki evalye GRP a avèk tout elèv nan kòmansman chak ane lekòl. Materyèl trening lan tankou PowerPoints, videos, ak plan lesion yo ap disponib pou lekòl yo pou rezon sa a.

Yo dwe pataje avèk fanmi yo enfòmasyon ki konsidere pwosedi pou ijans nan lekòl, tankou GRP, nan kòmansman chak ane lekòl tou. Yo bay lekòl yo yon lèt entwodiksyon ak yon rezime pwosedi pou ijans lan pou yo distribiye bay fanmi.

Yo egzije pou tout lekòl fè egzèsis sa yo ki teste eleman plan repons pou ijans yo a. Egzèsis sa yo dwe gen ladan yo tout elèv ak estaf ki mobilite redui ke yo dwe mete nan sal, zòn sekou ensandi oswa zòn èd sovtaj FDNY apwouve. Direktè yo fè yon minimòm 12 egzèsis pou ijans chak ane lekòl, yo dwe fè uit ladan yo nan delè 31 desanm. Uit egzèsis yo dwe gen ladan yo egzèsis sou evakyasyon ak lockdown. Omwen kat nan 12 egzèsis yo dwe se egzèsis lockdown, yonn ladan yo dwe fèt nan delè 31 oktòb epi yon lòt ant 1ye fevriye ak 14 mas. De lòt ki rete yo ka fèt si lekòl la vle. Y ap fè egzèsis yo nan sikonstans ki varye nan lè ki varye, tankou peryòd manje midi ak nan lè yo pa anonse pou fè similasyon sitiyasyon reyèl ijans.

Nan kolaborasyon avèk sekouris Vil Nouyòk (NYPD, FDNY, ak OEM), DOE obsève divès egzèsis nan diferan biling lekòl nan chak borough pou evalye repons yo bay pou ijans ki mande yon evakyasyon, shelter-in oswa lockdown. Ekip la mande lidè lekòl, ansanm ak yon demand bòkote plizyè ajans pou evalye efikasite ak identifye nenpòt kote ki ta egzije pinisyon.

f) **Avi pou paran:**

Menas pou komèt yon zak vyolans oswa zak vyolans reyèl ki rive nan yon lekòl afekte tout kominote lekòl la okonplè. Nan ka menas yo oswa zak vyolans, responsab lekòl yo dwe prepare pou kontakte ajan polis ki apwopriye(jan yo di l pi wo a) ak avèti, san delè, kominote lekòl la, espesyalman paran timoun ki nan lekòl la. Yo dekri regleman ak pwosedi DOE pou avèti paran (nan lang yo chwazi) nan CR ak nan regleman yo (gade dokiman kle ki pi ba yo). An konfòmite avèk CR A-415, paran, estaf ak otorite ki eli ka enskri volontèman pou resevwa avi sou ijans atravè tèks mesaj elektwonik, apèl telefòn ak/oswa kourye elektwonik atravè NotifyNYC. Anplis, lidè lekòl yo ka sèvi ak sistèm avi espesifik lekòl la pou alète paran ak kominote lekòl la sou ijans espesifik ki rive nan lekòl la. DOE devlope yon zouti ansekirite pou pase mesaj ki pèmèt lekòl yo kreye ak voye mesaj ba fanmi, elèv ak estaf. Lekòl yo ka voye avi nan tan reyèl ba fanmi apati yon aparèy mobil oswa destop

nan ka ijans, tankou yon lockdown, evakiyasyon, hold, oswa shelter in. Lekòl yo ta dwe pale avèk Sipèntandan pa yo, field counsel la ak biwo près (Press Office) la pou ekri avi sa yo.

## 2 - Plan sekirite onivo biling lekòl (Building-level School Safety Plan):

Dapre CR A-414, (gade dokiman kle ki pi ba a) chak lekòl dwe tabli yon komite pou sekirite lekòl pou devlope yon plan sekirite onivo biling lekòl (building-level school safety plan). Chak komite dwe gen ladan moun sa yo: Reprezantan sendika UFT ; enjenyè/reprezantan jeran k ap pan swen lekòl la; Nivo III Ajan Sekirite Lekòl/reprezantan ki nan lekòl la; ofisyèl lapolis ki nan zòn lan; Prezidan /reprezantan Asosyasyon Paran (PA); Nitrisyonist/reprezantan sèvis manje pou lokal la; manm kominote an; otorite ponpye zòn lan, ambilans lokal la oswa lòt ajans pou repons nan ka ijans; reprezantan elèv yo (genyen); ak nenpòt lòt moun direktè a jije apwopriye. Jan yo di sa nan chak plan sekirite lekòl, yo egzije chak lekòl pou tabli yon chèn kòmand (Chain of Command) ak plizyè ekip, tankou yon Building Response Team ak yon Crisis Team, ak pou nome estaf administratif, ki kowòdone repons lekòl la nan sitiyasyon ijans.

Plan an dekri tou, pami lòt bagay, rantre nan biling lekòl la ak pwosedi pou kontwole vizitè; travay sekirite ak orè; pwosedi pou enkoni; sistèm kominikasyon pou ijans tankou non ak nimewo telefòn estaf lapolis ki apwopriye; pwotokòl pou elèv yo pa wè; pwosedi konpòtman pou alam ki nan pòt yo ak pwosedi pou evakyasyon pou tout elèv, paegzanp elèv ki gen mobilite redui. Chak plan dekri wòl Building Response Team lan ak trening pou konsidere tout pwotokòl repons pou ijans pou elèv ak estaf. Chak plan onivo biling tabli pwotokòl pou reponn nan ka ijans tankou pwodui danjere ki tonbe atè, enkoni, menas bonb, sitiyasyon priz otaj oswa fiziyad; paegzanp si pou yo evakye, shelter-in, oswa lockdown.. Plan onivo biling lan dwe konsistan avèk yon fòma plan sekirite Office of Safety and Prevention Partnerships (OSPP) kreye epi yo dwe revize I chak ane. Enfòmasyon sou sekirite onivo biling yo ka pataje avèk estaf ak fanmi disponib, si yo mande, nan men chak direktè nan vèsyon plan sekirite lekòl la pou estaf oswa paran. Gen yon fòma gid paran an ki nan seksyon dokiman kle ki pi ba a. Dapre lwa edikasyon eta a, building level safety plan an dwe konfidansyèl epi yo pa dwe devwale I.

## 3 - Ekip repons santral (CRT) DOE

Yo te kreye Central Response Team (CRT) la pou lidèchip DOE ka aplike yon estrateji repons global pou ijans ki ta pèmèt divès biwo DOE kowòdone lè yon ensidan rive sou pwopriyete DOE ki egzije repons plizyè divizon DOE ak/oswa ajans/konpayi sèvis publik deyò. CRT a pral reponn tou lòt evènman tankou move kondisyon tanperati ak itilizasyon lekòl pou rezoud yon ijans sante publik. CRT a pral fasilité koleksyon done ak enfòmasyon ki pèmèt Senior Leadership la pran desizyon atan ak voye avi rapid ba estaf DOE ki enpòtan. CRT a aktive nan biwo santral DOE yo pou evalye efè yon sitiyasyon ki afekte sante/sekirite elèv ak fonksyònman ekipman/enstalasyon ki nan biling lekòl la. Lè yo fè sa, CRT a pral kominike ris ak mezi pou kominote lekòl la pran, poze kesyon apre chak aktivasyon pou kontinye amelyore preparasyon ak mezi prevansyon pou lòt ensidan alavni.

CRT a kenbe bon jan relasyon avèk lòt ajans Vil Nouyòk tankou NYPD, FDNY, MTA, NYCEM ak lòt ekip jesyon ijans nan divès ajans tankou DOHMH ak DSS; pafwa CRT a pral angaje avèk American Red Cross. Nan DOE, CRT a asire I efò tout ekip enpòtan DOE yo ak lòt ankò, nan domèn lan : Enstalasyon lekòl yo ak Direktè adjwen enstalasyon (Deputy Directors of Facilities, DDF) li yo; Afilyasyon pou sekirite ak prevansyon (Safety and Prevention Partnerships) ak Direktè sekirite pou Borough (Borough Safety Directors, BSD), yo kowòdone. DDF ak BSD se sipò dirèk nan yon ijans pou direktè ak lidè chak Building Response Team (BRT) nan chak lekòl.

## 4 - Kontinite nan planifikasyon fonksyònman (COOP)

Continuity of Operations Plan (COOP) DOE a asire sèvis yo kontinye bay sèvis yo pandan yon seri ijans, tankou aksyon nati yo lokalize, aksidan, maladi kontajye ak ijans teknoloji oswa ijans ki gen rapò ak yon atak DOE evalye plan sa a chak ane, avèk sipèvizon jesyon ijans Vil Nouyòk (New York City Emergency Management). (NYCEM)

Plan COOP depatman an konsidere yon kantite domèn ki gen rapò ak ijans, tankou bagay sa yo ak lòt ankò:

Fonksyon esansyèl: Aktivite enpòtan ki fèt apre yon entèripsyon aktivite nòmal ak materyèl, ekipman, teknoloji oswa moun yo bezwen pou asire kontinite fonksyon esansyèl sa yo.

Òd siksesyon: Dispozisyon pou biwo ajans anchèf yo pran chaj pandan yon ijans nan ka kote nenpòt nan otorite sa yo pa disponib pou ranpli responsablite yo.

Manda pou aji: Idantifikasiyon otorite yo ,dapre pozisyon yo pou kreye regleman ak pran desizyon onivo santral, sou teren ak nan tout lòt nivo ak lòt kote.

Enstalasyon kontinite (Continuity Facilities): Lokal, ki pa enstalasyon prensipal, yo itilize pou ranpli fonksyon esansyèl, anpatikilye nan yon aktivite kontinite. Continuity Facilities, oswa "Alternate facilities", pa vle di sèlman lòt kote men tou li vle di opsyon ki pa tradisyonèl tankou travay lakay, teletravay (telecommuting) ak konsèp biwo mobil (mobile-office).

Kominikasyon kontinite (Continuity Communications) Kominikasyon ki bay kapasite pou pèfòme fonksyon esansyèl, nan kolaborasyon ak lòt ajans, nan tout kondisyon.

Jesyon dosye enpòtan (Vital Records Management): idantifikasiyon, pwoteksyon ak disponiblite dokiman elektwonik ak kopi sou papye, referans, sistèm enfòmasyon, lojisyèl pou jesyon done ak ekipman nesesè pou sipòte fonksyon esansyèl pandan yon sitiyasyon kontinite.

Kapital imen (Human Capital): pandan yon aktivite kontinite, anplwaye pou ijans yo ak lòt kategori anplwaye espesyal yon ajans aktive pou fè travay, ki se bay repons yo ba l fè a.

Tès, trening ak egzèsis: mezi pou asire plan kontinite yon ajans kapab sipòte egzekisyon kontinye fonksyon esansyèl ajans lan pandan tout dire yon aktivite kontinite.

Transfè kontwòl ak direksyon: kapasite pou transfere pouvwa legal ak responsablite pou fonksyon esansyèl yon estaf prensipal yon ajans ak enstalasyon k ap fonksyone pou remèt li ba anplwaye lòt ajans ak lòt enstalasyon.

Rekonstitisyon (Reconstitution): Pwosesis kote pèsonèl ajans ki rete ak/oswa k ap ranplase a reprann fonksyònman nòmal ajans lan apati enstalasyon fonksyònman prensipal orijinal la oswa enstalasyon ranplasan an.

Pou nou ka rezoud pwoblèm sante ak sekirite ki gen rapò ak pandemi Covid 19 la, DOE kreye regleman, pwosedi ak resous espesifik pou sipèviziè, estaf, elèv, paran ak lòt moun ki itilize biling DOE yo. Yo revize, evalye ak pibliye sa yo regilyèman, yon fason apwopriye pou konsidere sikontans k ap chanje ak asire aplikasyon an efikas. Ou ka jwenn resous pou publik la nan [sitwèb DOE](#) a.

## 5 - Kòd konduit

Kòd konduit la gen ladan regleman ak pwosedi DOE k ap kontwole konduit elèv (tankou Atant konpòtman Vil la pou sipòte aprantisaj elèv (Citywide Behavioral Expectations to Support Student Learning) (Kòd disiplin), ki fikse nòm konpòtman yo atann ak yon seri entèvansyon, sipò ak sanksyon pou move konduit; dispozisyon pou rezoud ak bay repons pou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans; regleman ak pwosedi pou ekspilisyon ak sispansyon; regleman ak pwosedi pou voye avi bay paran (nan lang yo chwazi); kondisyon pou fè rapò; kondisyon pou avize lapolis; kondisyon pou trening estaf; ak Lwa sou dwa ak responsablitè elèv (Bill of Student Rights and Responsibilities), ki konsantre sou konpòtman pozitif ak sou bati yon klima lekòl ki sennesof ak pozitif.

Yon timoun ki poko ki pa lekòl, konpòte l yon fason ki danje oswa enkontwolab, oswa ki dezobeyi paran, responsab oswa lòt otorite souvan, yo ka jwenn se yon moun ki bezwen sipèvizon (Person in Need of Supervision, PINS). Yo egzije pou paran yo resevwa sèvis divèsyon atravè pwogram evalyasyon fanmi (Family Assessment Program (F.A.P.) ki nan Administrasyon Sèvis timoun (Administration for Children's Services, ACS), avan yo fè yon demand PINS. Sitwèb F.A.P. la gen ladan enfòmasyon sou PINS.

(<https://www1.nyc.gov/site/acs/justice/family-assessment-program.page>). Paran yo ka ale nan nenpòt ACS Field Office, si yo vle, epi mande sèvis prevansyon. Lè gen akizasyon absanteyis ak/oswa move konduit nan lekòl nan yon demand PINS, ACS pral revize etap lekòl la te pran pou amelyore prezans/konduit jèn lan nan lekòl epi l ap eseye angaje lekòl la nan lòt efò divèsyon k ap fèt. ACS pral kontakte lekòl la pou rezoud pwoblèm absanteyis oswa pwoblèm konduit nan lekòl la pou yo ka evite nesesite pou pote yon plent oswa pou konpanse akizasyon ki gen rapò ak edikasyon yo nan demand yo pwopoze a. Yo ta ka mande manm estaf DOE yo pou bay dokiman sou entèvansyon yo ak rezon ki fè pwoblèm akademik yo pa ka rezoud san yo pa fè demand pou yon PINS. Jij tribunal fanmi (Family Court Judge) an ta ka mande pou estaf lekòl la parèt tribunal lè yo fè demand yon PINS epi tribunal la kwè estaf lekòl la ka ede rezoud pwoblèm ki gen rapò ak edikasyon an.

### a) Kòd disiplin:

Kòd disiplin lan tabli yon strikti pou bay repons pou move konduit elèv. Li di yo dwe fè tout efò posib pou korije move konpòtman elèv atravè counseling ak lòt entèvansyon nan lekòl la tankou pratik koreksyon yo. Li di pi lwen sanksyon ki apwopriye ta dwe konsantre sou prevansyon ak entevansyon ki efikas, ankouraje andirans, anpeche entèripsyen nan edikasyon elèv ak ankouraje yon kilti lekòl ki pozitif. Li gen ladan yon seri entèvansyon ak sipò ak sanksyon pwogresif ki apwopriye dapre laj ke yo ka itilize pou bay repons pou move konduit elèv.

### b) Estrateji pou entèvansyon:

Nou atann pou chak lekòl ankouraje yon kilti ak yon klima lekòl pozitif ki ofri elèv yon anviwònman favorab kote pou yo fè pwogrè ni onivo akademik ni onivo sosyal. Nou atann pou lekòl yo antisipe nan devlopman konpòtman pozitif elèv lè yo ofri pakèt sipò pou yo gen bon konpòtman, epi bay yo bon jan opòtinite pou fè aprantisaj sosyo-emosyonèl.

Manm estaf lekòl yo responsab pou abòde move konpòtman elèv ki deranje aprantisaj. Yo atann pou responsab, pwofesè, konseye ak lòt estaf lekòl yo angaje tout elèv nan estrateji entèvansyon ak prevansyon ki konsène pwoblèm konpòtman elèv epi pale sou estrateji sa yo ak elèv la ak paran l.

Yo rezime estrateji pou entèvansyon yo nan kòd disiplin lan. Apwòch entèvansyon ak prevansyon ka gen ladan konferans oryantasyon ; motivasyon paran; rezolisyon konfli; rapò pwogrè konpòtman akoutèm; devlopman kontra endividiyèl pou konpòtman; estaf counseling pou fè entèvansyon; rekòmandasyon ba ekip pèsònèl elèv;

pratik reparasyon; rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon; counseling endivididyèl/angwoup; plan sipò endivididyèl; rekòmandasyon pou sèvis counseling; sèvis ankadrreman (mentoring); aprantisaj sosyo-emosyonèl; ak rekòmandasyon ba yon òganizasyon kominotè.

Atravè itilizasyon estrateji pou entèvansyon ak prevansyon ki angaje elèv epi ki ba yo yon sans objektif yo, manm estaf lekòl la fasilité pwogrè akademik ak sosyemosyonèl elèv yo epi yo ede yo respekte regleman ak prensip lekòl la.

Nan salklas la, pwofesè yo itilize divès teknik akademik ak konpòtman pou reyalize yon anviwònman aprantisaj maksimòm. Ekip entèdisiplin ki gen ladan estaf sipò tankou konseye pedagojik fè pati chak lekòl. Ekip sa yo rankontre regilyèman pou kreye ak aplike estrateji pou rezoud pwoblèm espesifik elèv ki "riske" rankontre.

Lè sa apwopriye, yo dwe pran sanksyon pwogresif ki apwopriye dapre laj selon pwosedi ki nan CR A-443 ak nan Kòd disiplin lan. (gade dokiman enpòtan ki ba a).

**c) Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak vyalans:**

Se règleman Depatman Edikasyon (DOE) pou I kenbe yon anviwònman aprantisaj ak akademik ki sennesof ak favorab ki pa gen arasman, entimidasyon ak/oswa vyalans elèv kont lòt elèv sou baz ras, koulè, peyi orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, reliyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè moun. Regleman DOE ki nan CR A-832 aak nan Kòd disiplin lan. (gade dokiman kle ki pi ba yo) Dokiman sa yo tabli pwosedi pou anpeche, rapòte, envestige ak bay repons pou konpòtman sa yo.

Yo dwe bay tout elèv ak estaf trening sou kondisyon ki nan CR A- 832. OSYD bay plizyè resous, tankou leson ak kourikoulòm ak yon gid aplikasyon detaye, pou ede lekòl yo bay elèv yo enfòmasyon sa yo. Anplis, li devlope trening ak mete yon platfòm trening ak resous siplemantè, lidè lekòl yo ka itilize pou satisfè kondisyon pou fè trening pou tout anplwaye, tankou estaf ki pa anseyan.

**d) Angajman ak notifikasyon paran:**

Elèv, paran ak pèsonèl lekòl la yo tout gen yon wòl nan kenbe lekòl yo ansekirite epi yo dwe kolabore yonn ak lòt pou reyalize objektif sa a. Estaf lekòl la ta dwe kenbe paran yo okouran konpòtman pitit yo epi konsidere paran kòm asosye lè y ap chèche rezoud pwoblèm yo. Sofsi gen yon lòd tribinal bay ki limite aksè, paran elèv ki nan fwaye dakèy (foster care) gen dwa pou yo enfòme yo sou konpòtman pitit yo ak sanksyon yo pran anplis paran dakèy la ak ajans lan.

Pou garanti paran yo kapab vin tounen patnè ki angaje nan ankouraje yon anviwònman lekòl ki sennesof ak favorab, yo ta dwe vin abitye ak Kòd disiplin lan.

Nou ankouraje lekòl yo fè atelye travay pou paran ka konprann Kòd disiplin lan ak kòman pou yo travay pi byen avèk lekòl la pou kore pwogrè sosyo-emosyonèl pitit yo. OSYD devlope ak mete disponib paltfòm trening atelyetravay pou ede administratè ak kowòdonatè paran nan prezante enfòmasyon sou Kòd disiplin lan ba paran.

Edikatè yo responsab pou enfòme paran sou konpòtman pitit yo ak pou favorize ladrès elèv yo bezwen pou yo gen siksè nan lekòl ak nan sosyete a. Yo ankouraje paran pou pale ak pwofesè pitit yo ak lòt estaf lekòl la sou pwoblèm ki ka afekte konpòtman elèv yo ak estrateji ki ka efikas lè y ap travay ak elèv la.

Paran ki vle pale sou sipò ak entèvansyon kòm repons pou konpòtman elèv sipoze kontakte lekòl pitit yo, pa egzanp kowòdonatè paran an oswa si sa nesesè, yo ka kontakte Biwo pou ranfòsman fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment).

Si yon elèv gen yon konpòtman ki pa apwopriye, ki vyole Kòd disiplin lan, direktè a oswa reprezantan I dwe rapòte konpòtman an bay paran elèv la.

#### e) Trening :

Premye priyorite DOE se asire chak timoun aprann nan lekòl ki gen sekirite, ki bay anpil sipò ak ki akeyi tout moun. Pou fè sa, DOE itilize metòd reparasyon ki konsidere koz reyèl konfli yo ansanm ak ranfòse konpòtman ki pozitif to atravè moman opòtinite pou aprantisaj. DOE bay pwofesè yo resous pou sipòte kapasite sosy-emosyonèl ak byennèt elèv yo, epi kòm konsekans, li redui itilizasyon sispanzyon oaswa sanksyon.

Fason elèv konpòte yo nan lekòl se yon faktè enpòtan pou tabli ak kenbe yon kominote lekòl ki gen respè ak sekirite. Pou ankouraje konpòtman pozitif kay elèv lan, tout manm kominote lekòl la—elèv yo, pèsonèl lan ak paran yo—dwe konnen ak konprann nòm konpòtman yo atann pou tout elèv yo respekte ak sanksyon ki genyen si yo pa respekte nòm konpòtman yo.

Lekòl yo mete apa tan pou gade Kòd disiplin lan, Student Bill of Student Rights and Responsibilities ak regleman sou itilizasyon ak sekirite ki akseptab sou entènèt (Internet Acceptable Use and Safety Policy, IAUSP) DOE. Yo ta dwe adapte revizyon sa a dapre laj elèv lan pou tout elèv konnen ak konprann ki konpòtman pou yo genyen lè yo lekòl, ansanm ak konpòtman pou yo genyen lè y ap rantre nan sistèm entènèt DOE yo ak lè y ap itilize l.

Fason ki pi efikas pou asire elèv yo konprann ak sipòte Kòd disiplin lan se atravè enstriksyon nan salklas ki apwopriye dapre laj yo. Yo dwe bay tout elèv omwen yon lesyon sou Discipline Code lan. DOE mete disponib plan lesyon ki apwopriye pou laj ki baze sou nòm ki gen ladan yo egzèsis entèaktif, pwojè ak opòtinite yo sijere pou eksperyans aprantisaj nan kolaborasyon pami elèv yo ak yon platfòm trening atelyet travay pou elèv.

Lekòl yo dwe gade Kòd disiplin lan avèk tout manm estaf la epi fè yon atelyet travay pou diskite objektif kòd la nan delè 15 oktòb 2022. Kòd disiplin Yon modèl platfòm trening atelyet travay pou fòmasyon pwofesyonèl, ki gen ladan egzèsis entèaktif, disponib pou lekòl yo itilize.

Dokiman kle sa yo fè pati Kòd konduit la ak Plan Sekirite onivo Distri DOE a.

Dokiman kle:

[Regleman Chanselye \(CR\) A-411 Rediksyon/entèvansyon pwoblèm konpòtman ak kontakte 911](#)

[Regleman Chanselye A 412 Regleman Chanselye A-412 sekirite nan lekòl](#)

[Règleman Chanselye A-413 Itilizasyon telefòn selilè ak lòt aparèy elektwonik anndan lekòl](#)

[Règleman Chanselye A-414 Plan sekirite](#)

[Regleman Chanselye A-415 Sistèm avi pou ijans Depatman Edikasyon](#)

[Regleman Chanselye A-418 Avètisman sou agresè seksyèl](#)

[Regleman Chanselye A-420 Pinisyon kòporèl](#)

[Regleman Chanselye A-421 Abi vèbal](#)

[Regleman Chanselye A-432 Fouy ak sezi](#)

[Regleman Chanselye A-443 Pwosedi pou disiplin elèv](#)

[Regleman Chanselye A-449 Transfè pou rezon sekirite](#)

[Regleman Chanselye A-450 Pwosedi pou transfè envelopontè](#)

[Regleman Chanselye A-750 Abi sou timoun](#)

[Regleman Chanselye A-755 Prevansyon/entèvansyon suisid](#)

[Regleman Chanselye A-830 Pote plent entèn pou diskriminasyon/arasman ki ilegal](#)

[Regleman Chanselye A-831 Arasman seksyèl ant kamarad](#)

[Regleman Chanselye A-832 Arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon ant elèv](#)

[Sitwèb Respè pou tout moun](#)

[MOU ki revize ant DOE, NYPD ak Vil Nouyòk](#)

[Atant vil la sou Konpòtman pou Sipòte Aprantisaj Elèv \(Kòd disiplin 6yèm-12yèm ane\)](#)

[Atant Konpòtman Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv \(Kòd disiplin 6yèm-12yèm ane\)](#)

[Deklarasyon Dwa ak Responsablitè Paran](#)

[Gid paran pou preparasyon sekirite ak ijans nan lekòl Regleman sou itilizasyon ak sekirite sou entènèt](#)

[Gid medya sosyal pou elèv ki gen laj 12 lane pou pi plis](#)

[Gid medya sosyal pou elèv ki gen laj plis pase 13 lane](#)

[ACS - Parent Handbook \(nyc.gov\)](#)